Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

# Гумбет

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет районалъул газета

№ 34 (6970) 29 сентябрь 2025 с. Итни РабигIул ахир 1447 с. Багьа - эркенаб



**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ**

## ГIалихан ДавудхIажиев – районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев

### ХIалтIулъ бергьенлъаби цIикIкIаги

**Бакълъул районалда тIобитIана районалъул депутатазул микьабилеб ахIиялъул тIоцебесеб сессия, гьелдалъун байбихьана арал рищиязда бергьарал депутатазул хIалтIи.**

Сессиялда гIахьаллъи гьабуна вищарав 32 депутатасда гьоркьоса 28 чияс, хIукму къотIиялъе хIажатаб къадар гIун букIана. Гьеб тадбиралда жеги гIахьаллъана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов, районалъул прокурор Юсуп ГIалиев, Бакълъул мухъалда бугеб жанисел ишазул отделалъул



нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад ГIадилгереев, районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев МухIамадбег МухIидинов ва цогидал.

Повесткаялда аслияб суаллъун букIана Бакълъулазул мухъалъул депутатазул Собраниялъул спикер вищи. Кандидатазул халгьабун хадуб депутатаз цо кIалалъ гьаркьал кьуна ГIалихан ДавудхIажиевасе.

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас ДавудхIажиевасда баркана гьев вищи ва гьарана гьесие щулияб сахлъи, хIалтIулъ церетIеял ва сундулъго икъбал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

**БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ**

## МухтарахIмад АхIмадов: «Киналго гьитIиналгун чIахIиял хIайваназда биркаби лъеялъул хIалтIаби къокъидго рагIалде рахъинаризе ккола»

### Анкьил хIасилалги гьаруна

**Бакълъулазул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовасул нухмалъиялда биркованиялъул хIалтIаби рагIалде рахъинариялъул, генпланал тIураялъул, диниял идарабазе документал гьариялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи тIобитIана.**

Дандеруссиналда гьаруна араб анкьалъ гьабураб хIалтIул хIасилалги, гьоркьор лъуна



жакъа цере чIарал масъалаби, рихьизаруна гIагараб заманалда тIуразе ругел планал. Гьел ва цогидалги кIвар бугел масъалаби рорхараб тадбиралда гIахьаллъана республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзаби.

«Киналго гьитIиналгун чIахIиял хIайваназда биркаби лъеялъул хIалтIаби къокъидго рагIалде рахъинаризе ккола. Гьеб рахъалъул иш цебетIезабиялде кIвар буссинабизе ккола, нахъе тIамичIого. Хасго кIвар кьезе ккола гьелда хурхун гIадамазе бичIчIи кьеялъул хIалтIабазе.

Биркаби лъеялъул мурад ккола магIишаталъул хIайванал лъазари ва гьезул хъвай-хъвагIай гьаби. Гьелъ рес кьола: хIайваназул сахлъи ва гIумру цIунизе; идентификациялъ бигьалъизабула хIинкъи



бугел унтабазе прививкаби гьари ва бидул пробаби росизе гIадал профилактикиял тадбирал гьаризе; хIайванал хисиялдаса яги цIогьалдаса цIунизе; хIайваназда тIад гьарулел ветеринариял, профилактикиял ва эпидемиялде данде гьарулел тадбирал хъвазе мухIканаб гIуцIиялъе» - ян абуна МухтарахIмад АхIмадовас.

Данделъиялда гьединго гIенеккана идарабазул ва гIуцIабазул нухмалъулезул ва вакилзабазул докладахъ, ахираб анкьида жаниб рагIалде бахъинабураб хIалтIул хIакъалъулъ. Тадбиралъул ахиралда АхIмадовас чIезаруна тIад лъурал масъалаби тIураялъе чIванкъотIараб болжал ва рихьизаруна жавабиял гIадамал.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



**Экономикиябгун социалияб рахъ цебетIей**

**- 2 гьум.**



**Аргъваниса АхIмад ХIажиевасул Бихьинчилъиялъулаб орден гьесул эбелалъухъе кьуна**

**- 2 гьум.**



**МВДялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб самбоялъул рахъалъ къецал тIоритIана**

**- 2- гьум.**



**ГIазул асирлъудаса гIи хвасар гьаби**

**-2- гьум.**

РОСАБАЗУЛ ЦЕБЕТIЕЙ

# Экономикиябгун социалияб рахъ цебетIей

## СВОялъул рахъухъабазе кумек гьабиялъулги бицана

**Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас чанго данделъи тIобитIана араб анкьалъ бакълъулазул мухъ социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул суалал рорхараб. Бицана гьединго нахъеккунги СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъулги.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.

Районалъул нухмалъулес иргадулаб нухалда лъазабуна киналго жавабиял хIалтIухъабазда жидеда тIадал ишал жиндир заманалда ва щвалде щвараб куцалда тIуразареян бакълъулазул гIумру-яшав лъикIлъизабизе мурадалда.

Гьединго Гъалип Гъалиповас бицана нухдаинарулел программабазулгун проектазул ва лъазабуна гьел рагIалде рахьинаризе щивас хIаракат бахъизе кколин. Гьесул рагIабазда рекъон, ЧIиркъатIа футболалъулаб майдан баялъул тIоцебесеб бутIаялъул хIалтIаби унел руго. «Росаби церетIезари – администрациялъул аслиял масъалабазул цояб», - ян абуна Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# МВДялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб самбоялъул рахъалъ къецал тIоритIана

## Алмасхан ГIабдулахIидов чемпионлъун вахъана

**МВДялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб самбоялъул рахъалъ чемпионат тIобитIана Дагъистан Республикаялда, гьеніб жидерго махщел ва къвакIи бихьизабуна Россиялъул Бакълъул ракьалда бугеб жанисел ишазул отделалъул вакилзабаз.**



Гьедин, полициялъул сержант Алмасхан ГIабдулахIидовас, техника ва тактикияб устарлъи бихьизабулаго, жиндирго ункъабго кьеркьеялда заманалдаса цебе бергьенлъи босана ва чемпионлъун вахъана (64 кг).

Полициялъул кIудияв лейтенант Рамазан Расуловаси живго вихьизавуна хIалбихьи бугев ва ракIчIарав спортсменлъун, гьев мустахIикълъана гIарцулаб медалалъе (79 кг).

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, бакълъулазул ракьалда бугеб РФялъул ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад ГIадилгереевас ва гьезул гьалмагъзабигун цадахъ хIалтIулез баркана щвараб бергьенлъи ва призовиял бакIал. Гьарана спорталъулъ, хIалтIулъ, гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби ва икъбал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# ГIазул асирлъудаса гIи хвасар гьаби

## Нагагьал балагьаздаса цIунаги

**2025-абилеб соналъул 20-абилеб сентябралда Бакълъул районалъул роолил харибакIазда бан букIана кIудияб гIазу, азаргоялдаса цIикIкIун чахъабазул рехъаби къан рукIана. Аргъвани росдал гIадамаз хIалбихьана, «Нива» машинаялда рекIун, гIухьбузухъе ва гьезул чахъабазде щвезе, амма гьезул машинаги гIаздада гьорлъ къан хутIана.**

Гумбет мухъалъул администрациялъул экономикаялъулгун росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул рагIабазда рекъон, чахъабазе ва чахъаби хьихьулезе кумек гьабиялъул тадбирал хехго тIоритIизе хIаракат бахъана.



Рехъаби хьвадула ральдал гьумералдаса 2500 метралъ тIадехун ругел мугIрузда. ГIибоцIухъабазе кумек гьабизе бульдозералдаги УАЗалдаги рекIун кумекалъе рахъана эргьвен. ГIаммаб кумекалъул хIаракаталда, кIудияб зарал ккечIого, гIи хвасар гьабуна.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Аргъваниса АхIмад ХIажиевасул Бихьинчилъиялъулаб орден гьесул эбелалъухъе кьуна

## Алжан насиблъаги

**ВатIаналъе гIоло рухI кьурав хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Аргъвани росулъа АхIмад ХIажиевасул эбел ПатIимат Бияхъаевалъухъе кьуна БахIарчилъиялъул орден. ТIадаб борч борхулаго бихьизабураб гьунаралъухъ, рухIалда барахщичIого улкаялъул интересал цIунаралъухъ гьеб шапакъаталъе мустахIикълъана гьелъул вас.**






Шапакъат кьуна Казбек ва Бакълъул районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас. Гьес абуна БахIарчилъиялъул орден кколин АхIмадил бахIарчияб ишалъухъ улкаялъ кьолеб баркалаян. Шапакъатал кьолеб тадбиралда гIахьаллъана АхIмадил вацКамил ХIажиевги.

«Гьеб шапакъат ккола гIицIго батIалъиялъул гIаламат гуреб, гьеб ккола рекъелалъе ва хIинкъигьечIолъиялъе гIоло гIумру кьурав бахIарчиясул абадияб ракIалдещвеялъул гIаламат. Гьелъ ракIалде щвезабулеб букIуна, жидерго рухIалда гурхIичIого, ВатIан цIунизе рахъарал гIадамазул бахIарчилъи ва къвакIи

АхIмад ХIажиевасул цIар абадиялъго хутIила росуцоязул ва ракьцоязул ракIазда.

Дица АхIмадил хъизамалъе ва гьудул-гьалмагъзабазе гьарула щулияб сахлъи, сабру, кинабго лъикIабщинаб. СВОялъул гIахьалчагIазе, гьезул хъизамазе, Новороссиялъе кумек гьаби ккола районалъул администрациялъул аслияб масъалалъун»,- ян абуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас.

Бакълъулазул жигаралдалъун спецоперациялъул мухъалде 160 тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб къайи битIана. Гумбеталъул администрациялъул идарабазул нухмалъулел кумек гьаби хIисабалда СВОялъул мухъалде щвана. Гьединго гьенир хIалтIулел руго Гумбеталдаса тохтурзабиги мугIалимзабиги.

Цалул идарабаз, руччабазул гIуцIиялъ ва цогидал идарабаз кIудияб квербакьи гьабула рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе. Школазда тIоритIула «Солдатасе кагъат», «Солдатасе посылка», «Окопалъул свеча» ва цогидалги патриотикиял тадбирал. ВатIан цIунулезул гIагарлъи хIалтIуде росун руго. Школазда, къватIазда ва цогидал бакIазда лъун руго хварал бахIарзазул цIарал, рагьун руго ракIалде щвеялъул ахал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 2 тоннаялдаса цIикIкIун къайи битIана СВОялъул мухъалде бакълъулазул полициялъулаз

## Бергьенлъигун тIадруссаги

**Гумбет мухъалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад ГIадилгереевасул ва хIалтIухъабазул жигаралдалъун спецоперациялъул мухъалде кIиго тоннаялдасаги цIикIкIун гуманитарияб къайи битIана. Гьедин, ВатIан цIунулезе битIана картошка, хIан, консервал, ламадур, бакъвараб пихь ва цогидал кванил нигIматал.**

Кумек битIаразул рагIабазда рекъон, Россиялъул хIинкъигьечIолъи цIунулезе кумек гьабиялъ отделалъул киналго вакилзаби гьираялда гIахьаллъана. Нахъеги гьез баян гьабуна бергьенлъи гIагар гьабизе хадубккунги бажараараб гьабизе букIин.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

## О внесении изменений в выписку ЕГРН

**Выписка из ЕГРН содержит:**
**– данные владельца (при его согласии);**
**– площадь объекта и его адрес;**
**– границы и расположение объекта;**
**– кадастровую стоимость;**
**– информацию об обременениях и ограничениях, имеющихся на объекте недвижимости.**

 Однако бывают случаи, когда в выписке содержится неактуальная информация. Например, в адресе. Это может случиться, если улицу, на которой расположен объект недвижимости, переименовали или в связи с новой застройкой поменялась нумерация домов.

 Орган местного самоуправления, на территории которого расположен объект недвижимости, принимает решение о присвоении, изменении или аннулировании адресов. Копия такого постановления предоставляется правообладателю по запросу в МФЦ.

 Заявитель может самостоятельно обратиться с соответствующим заявлением в МФЦ для внесения в выписку ЕГРН сведений о новом адресе.




**МФЦ РД по Гумбетовскому району**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Осторожно: мошенники

Уважаемые граждане! В России набирают обороты виды мошенничества, когда злоумышленники, представившись сотрудниками МВД или других правоохранительных органов, обманом похищают деньги населения.

Мошенники звонят жертвам с подменных номеров с просьбой об оказании содействия в раскрытии банковского преступления либо для установления дополнительной защиты на личный счет гражданина.

Обманом получая персональные данные, данные платежных карт, информацию о совершенных по ним операциях и другие сведения, аферисты используют их для хищения сбережений со счетов жертв.

Помните – сотрудники правоохранительных органов и представители банковских организаций не запрашивают у граждан по телефону реквизиты банковских карт, пароли и коды доступа!




**И. о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**
**М. А. Адильгереев**

## О замене паспорта

Замена паспорта Российской Федерации, если документ пришел в непригодность или испорчен

- В случае нарушения целостности паспорта, страниц документа или элементов защиты, необходимо подать заявление на замену паспорта.
-На приеме в МФЦ необходимо предоставить:
1) паспорт, подлежащий замене;
2) фотографии 35х45;
- Госпошлину в размере 1500 руб. можно оплатить в МФЦ в день приема.

-Важно: реквизиты паспорта должны быть читаемы, а по фото возможно установить личность заявителя.

В случае невозможности определения данных документа или подтверждения личности по фото, необходимо обратиться в отделение МВД по месту жительства или пребывания.

**МФЦ РД по Гумбетовскому району**

## Программа «Доблесть гор» будет продолжена в последующие годы

Руководитель Управления Главы РД по вопросам госслужбы, кадров и госнаград Земфира Кашкаева поделилась информацией о первом образовательном модуле программы «Доблесть гор», а также о дальнейших планах обучения для участников.

В начале обучения участники получили основные знания о государственном управлении. У них была классная возможность напрямую пообщаться с главой региона Сергеем Меликовым, депутатами Народного Собрания и представителями правительства Республики Дагестан, чтобы узнать ответы на интересующие вопросы из первых рук. В следующих блоках будут рассмотрены вопросы экономики и финансов, государственного и муниципального менеджмента, а также современных методов управления.

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## В Гумбете проводится ОПМ «Подросток-2025»

**На территории Гумбетовского района с 20 по 30 сентября 2025года проходит профилактическое мероприятие «подросток-2025»**

**В задачи профилактического мероприятия входят:**
**- выявление семей, находящихся в социально опасном положении, организация профилактической работы, предусматривающей создание условий для коррекции проблем семейного неблагополучия на ранней стадии, принятие в соответствии с законодательством мер к родителям или иным законным представителям несовершеннолетних, не исполняющим своих обязанностей по их содержанию и воспитанию;**

- выявление несовершеннолетних, находящихся в социально опасном положении и в трудной жизненной ситуации, оказание им необходимой помощи;

- профилактика распространения алкоголизма, токсикомании и наркомании среди несовершеннолетних;

- провести профилактические беседы с несовершеннолетними состоящими на профилактическом учете.

- выявление подростков-правонарушителей и групп несовершеннолетних антиобщественной направленности, принятие мер по предупреждению их противоправного поведения, оказание социально-реабилитационной помощи;

- провести работу во взаимодействии с образовательными учреждениями по вовлечению несовершеннолетних состоящих на профилактическом учете в подразделениях по делам несовершеннолетних в региональное отделение Общероссийского общественно-государственного движения детей и молодежи «Движение первых» Республики Дагестан.

- выявление подростков, уклоняющихся от учёбы, принятие мер по возвращению их в образовательные учреждения для продолжения обучения;

- выявление и привлечение к ответственности лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений и антиобщественных действий;

- организация оздоровления, занятости детей и подростков, находящихся в социально опасном положении;

- проведение мероприятий по ресоциализации несовершеннолетних, вернувшихся из мест лишения свободы, специальных учебно-воспитательных учреждений закрытого типа, осужденных к мерам наказания, не связанным с лишением свободы. ОМВД России по Гумбетовскому району призывает граждан незамедлительно сообщать о фактах, готовящихся либо совершаемых правонарушениях в отношении детей, по круглосуточному телефону дежурной части: 89994188510



**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции**
**М.А. Адилгереев**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете пройдёт турнир по мини-футболу, приуроченный ко Дню учителя и противодействию идеологии терроризма и экстремизма

**4 октября 2025 года в селе Тлярата Гумбетовского района пройдёт турнир по мини-футболу среди учащихся школ муниципалитета.**

Команды должны состоять из 7 игроков (5-9 классы).

Необходимые документы на каждого участника:

* копия паспорта или свидетельства о рождении.

* справка с печатью школы (с указанием ФИО учащегося, класса).

Срок подачи заявок: до 4 октября 2025 года.

Способы подачи заявок: по адресу электронной почты sportkom.gumbet@mail.ru

Телефон для справок: 8-928-556-22-66 (Салман Сурхаев).

Победители и призеры будут награждены кубками, медалями и денежными призами. Для участников предусмотрено горячее питание.

Приглашаем все школьные команды Гумбетовского района принять активное участие в турнире, который станет не только спортивным событием, но и важным шагом в укреплении единства и противодействии негативным социальным явлениям.




**РИО «Гумбет»**

## 25 число последний день для передачи показаний газового счетчика




**Показания необходимо передавать поставщику газа ежемесячно до 25 числа.**

Если показания не передаются, то: первые 3 месяца расчёт потреблённого объема газа ведётся по среднемесячному потреблению; начиная с 4-го месяца начисления производятся по нормативу.

Оплата по нормативу, как правило, влечёт дополнительные расходы. А многозначные суммы в квитанциях нервируют потребителей газа. Виной тому неисполнение абонентом обязательств по передаче показаний счетчика.

Прибор учета газа устанавливается сам потребитель и, порой, забывает, что данные со счетчика нужно ежемесячно сообщать в абонентский пункт по месту жительства, чтобы в будущем не удивляться, как любят говорить «необоснованным» начислениям.

Безусловно, поставщик газа пример к расчету фактические показания счетчика, но для это-го, чтобы возобновить начисления по показаниям счётчика, абоненту необходимо вызвать сотрудника газовой компании для снятия контрольных показаний счетчика письменным заявлением. Контролер газового хозяйства придет и составит акт о целостности газового счётчика, о наличии пломб поставщика газа и отсутствии вмешательства в счётный механизм, и составит акт, где укажет последние фактические показания, по которым, после всех проверок, произведут перерасчет.

Но всего этого можно избежать, если передавать показания счетчика ежемесячно любым удобным способом, например онлайн, через «Личный кабинет абонента» на сайте




ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru, а также в мобильных приложениях на платформе Android – «Мой ГАЗ»; на платформе iOS – «Газ-Онлайн» или при посещении абонентских служб по месту жительства.

Многие передают показания через контролеров газового хозяйства своего участка, и это тоже удобный быстрый способ избежать нормативных начислений. В преддверии наступающего осенне-зимнего периода желательно знать своего контролёра газового хозяйства.

Задать вопрос о наличии задолженности за газ и узнать подробный алгоритм как разобраться с задолженностью за газ можно по многоканальному номеру «Контакт-центра» 8-800-200-98-04.

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

**РЕШЕНИЕ №3**

**16.09.2025г.** **с .Гадари**

**Об избрании (делегировании) депутатов Собрания депутатов СП «Село Гадари» седьмого созыва в Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»**

**В соответствии с пунктом 1 части 4 статьи 35 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Законом, Уставом СП «Село Гадари».**

Собрание депутатов СП «Село Гадари»

РЕШАЕТ:

1. Избрать (делегировать) в Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район» депутатов Собрания СП «село Гадари» 7 созыва:

1. Дибирова Абутагира Магомедгаджиевича
2. Магомедова Ибрагима Магомедгаджиявовича

2.Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия.

3.Настоящее решение подлежит официальному опубликованию (обнародованию) в течение 10 дней со дня подписания.

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Гадари**
**А.М. Дибиров**

## Более 800 тысяч дагестанцев получили уведомления на уплату имущественных налогов

**В 2025 году Управление ФНС по Республике Дагестан направило более 804 тыс. уведомлений на уплату имущественных налогов — транспортного, земельного и на имущество.**




Уведомления направлены по почте и в «Личном кабинете налогоплательщика». Чтобы получать их онлайн, необходимо открыть свой ЛК. Разъяснения и ответы на типовые вопросы можно найти на сайте ФНС России на промостранице «Налоговое уведомление 2025».

Напоминаем: все обязательства по имущественным налогам за 2024 год нужно погасить до 1 декабря 2025 года. Также хотим напомнить о важности своевременно регистрировать права собственности в ЕГРН. Это ваша защита: без регистрации нельзя продать или подарить имущество, а также могут появиться лишние налоги и штрафы.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

**Аттестат, выданный на имя Магомедова Абдулгамида Шарапудиновича МКОУ «Игалинская СОШ» № 9232280 от 2002 года, считать недействительным в связи с утерей.**

**РИТМ ГУМБЕТА**

## Проводится отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу для направления на подготовку по военно-учётным специальностям

**Идёт отбор кандидатов, подлежащих призыву на военную службу для направления на подготовку по военно-учётным специальностям (водитель категории «С») в образовательных учреждениях РО ДОСААФ РД с последующей отправкой в армию.**

Требования к кандидатам:

1. Наличие аттестата (9, 11 классы).
2. Годность по состоянию здоровья.
3. Отсутствие судимости (и у близких родственников).
4. Желание учиться.




5. Возраст от 18 лет и старше (с 1998 по 2008 год рождения).

Плюсы прохождения учёбы в ДОСААФ: получение знаний, вождение с инструктором, справка из диспансера и оплата госпошлины бесплатно, получение выплат за учёбу в ДОСААФ, выплата за найм квартиры во время учёбы. По вопросам поступления и отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов. Телефон: (8 279) 2-13-02.

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъалъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.